



PWOSESIS POU KIBEN, AYISYEN, NIKARAGWEYEN, AK VENEZYELYEN

Gouvènman Etazini an mete sou pye yon pwosesis gratis ki disponib sou entènèt la ki pèmèt, nan yon fason ki pi senp ak legal, sitwayen peyi Kiba, Ayiti, Nikaragwa ak Venezyela yo ak manm fanmi ki pwòch yo vini Etazini pandan yon peryòd ki rive jiska 2 lane. Yo te anonse pwosesis la pou Venezyelyen depi 12 oktòb 2022, pou Kiben, Ayisyen ak Nikaragweyen se 5 janvye 2023 anons lan te fèt. Tout enfòmasyon ak kesyon yo poze souvan yo disponib sou entènèt la, nan plizyè lang, ale sou uscis.gov/ht/CHNV.

ETAP KI ENPÒTAN NAN PWOSESIS SA YO



Yon sipòtè ki Etazini ap soumèt elektwonikman bay Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS) yon Fòm I-134A, Demann sou Entènèt Pou Vin Yon Sipòtè ak Deklarasyon Sipò Finansye, pou chak benefisyè yo vle sipòtè.



Si USCIS voye konfimasyon Fòm I-134A lan, USCIS ap voye yon imèl bay benefisyè a ak tout eksplikasyon sou kòman pou kreye yon kont gratis sou entènèt epi l ap resevwa lòt etap pou l suiv yo.



Après benefisyè a ap resevwa eksplikasyon sou kont gratis USCIS li a sou entènèt la (myaccount.uscis.gov/users/sign_up) sou kòman pou li soumèt enfòmasyon byografik yo sou apikasyon telefòn CPB One Sèvis Ladwàn ak Pwoteksyon Fontye Etazini (Customs and Border Protection).



Yo ap fè benefisyè a konnen sou kont USCIS li te kreye sou entènèt la si yo otorize li vwayaje. Otorizasyon vwayaj la valab pou 90 jou epi benefisyè a responsab vwayaj li rive nan yon èpòt Ozetazini.



Yo pral enspekte benefisyè a sou yon baz ka pa ka lè li rive epi l ap sibi lòt tès ak verifikasyon pou wè si li ka toujou benefisyè migrasyon kondisyonèl la.



Jeneralman, moun ki benefisyè migrasyon kondisyonèl la sou yon baz ka pa ka pandan pwosesis sa yo ap gen pèmi pou rete Etazini pandan yon peryòd ki rive jiska 2 lane epi l ap ka aplike pou papye travay nan uscis.gov/I-765.

KONDISYON KALIFIKASYON

Sipòtè

Sipòtè a dwe:

- Yon sitwayen Ameriken, yon resòtisan peyi a, oswa yon rezidan pèmanan legal; moun nan genyen yon estati legal Etazini, oswa yon moun ki sou migrasyon kondisyonèl oswa li se benefisyè yon aksyon difere, oswa li benefisyè yon entèvansyon ki te difere yon depa fòse;
- Pase yon ankèt pou sekirite ak si li pa gen kazye jidisyè; ak
- Montre kantite resous finansye li genyen an sifi pou li akeyi, nouri, epi sipòtè moun li dakò pou sipòtè a pandan peryòd migrasyon kondisyonèl 2 zan an.

Benefisyè

Pou kalifye pou migrasyon kondisyonèl la nan pwosesis sa yo, chak benefisyè dwe:

- P ap viv Etazini;
- Yon moun ki soti Kiba, Ayiti, Nikaragwa, oswa Venezyela; oswa yo dwe yon manm fanmi pwòch (mari oswa madanm, patnè ki nan inyon lib, oswa yon timoun ki pa marye epi ki poko gen 21 lane) k ap vwayaje avèk yon Kiben, Ayisyen, Nikaragweyen, oswa Venezyelyen ki kalifye;
- Gen yon sipòtè k ap viv Etazini ki ranpli yon Fòm I-134A sou non li, USCIS apwouve epi konfime;
- Gen yon paspò ki pa ekspire epi ki valab pou vwayaj entènasyonal;
- Si yon timoun poko gen 18 lane, li dwe vwayaje avèk yon paran oswa yon responsab legal l;
- Respekte tout egzijans yo, tankou obligasyon pou vaksinasyon ak lòt rekòmandasyon pou sante piblik;
- Pa t travèse fwontyè Meksiken oswa Panameyen ilegalman apre dat yo te anonse pwosesis la;
- Pa t travèse fwontyè Etazini an apre dat yo te anonse pwosesis la (moun ki gen yon sèl ka kote yo te kite san se pa t fòse yo te fòse yo oswa ki te retire yon sèl fwa aplikasyon pou admisyon yo nan peyi a toujou rete elijib); epi
- Yo pa t òdone pou fè depòtè moun sa pou li kite Etazini nan senk (5) dènye ane yo oswa moun sa pa sou entèdiksyon antre Etazini akòz de yon òdonans depòtasyon.

ATANSYON AK MAGOUY

Ou pa gen pou peye okenn frè pou w yon sipòtè oswa pou w benefisyè pandan pwosesis sa yo.

Benefisyè a pa gen obligasyon pou li remèt, ranbouse, travay pou, sèvi, marye ak, oswa rekonpanse yon lòt jan sipòtè a paske li te sipòtè l. Pran prekosyon ak tout magouy oswa ak tout moun k ap chèche eksplwate moun tankou notè oswa lòt ki di yo ap travay nan gouvènman ki ap mande lajan pou aplike nan pwosesis sa a. Ale sou uscis.gov/avoid-scams pou w ka jwenn plis enfòmasyon.

Rele liy dirèk Trafik Moun Nasyonal la ki disponib 24/24 nan 888-373-7888 oswa rele 911 pou fè fòs de lòd yo konnen ke gen yon ijans. Moun ki viktim trafik, menmsi yo se sitwayen ameriken oswa yo pa sitwayen ameriken, kalifye pou sèvis ak asistans imigrasyon.